दिन–शुक्रवार दिनांक–13.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ राष्ट्रीय राजधानी मे स्थित सेवा तीर्थ आ कर्तव्य भवन–एक एवं दू केर औपचारिक उद्घाटन कयलनि। ई उद्घाटन प्रधानमंत्री मोदीक आधुनिक, कुशल, सुलभ आ नागरिक–केंद्रित शासन प्रणालीक निर्माणक प्रतिबद्धता कैँ देखबैत अछि।

---

बिहार विधानमंडलक दुनू सदन विधानसभा आ विधान परिषद मे आजुक कार्यवाही सुचारू ढंग सँ चलल। विधानसभा राजस्व आ भूमि सुधार विभाग, खनन आ भूतत्व विभाग, नगर विकास आ आवास विभाग, कला एवं संस्कृति विभाग, खेल विभाग आओर पिछड़ा एवं अतिपिछड़ा वर्ग कल्याण विभागक बजट कैँ पारित कऽ देलक। राजस्व एवं भूमि सुधार विभागक बजट पर चर्चाक जवाब दैत उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे भूमि सँ जुड़ल जटिल विवाद सभक त्वरित समाधान लेल आब जिला स्तर पर भूमि सुधार जनकल्याण संवाद कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत। श्री सिन्हा जनौलनि जे विभागक प्रयास सँ एखन धरि चालीस लाख किसान लोकनिक फार्मर आईडी बनि गेल अछि।

एहि सँ पूर्व, प्रश्नोत्तर कालक दरमियान आइ मुख्य रूप सँ स्वास्थ्य विभाग आ ऊर्जा विभाग सँ जुड़ल मामिला सभ पर सरकारक उत्तर भेल। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि जे पूर्णियां मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे तीन मासक भीतर आई बैंक केर स्थापना कऽ लेल जायत।

एम्हर, विधान परिषद मे आइ एक बेर फेर महिला सुरक्षाक मुद्दा उठल। शून्यकाल मे राजदक उर्मिला ठाकुर पटनाक फूलवारीशरीफ मे एक छात्राक मृत्युक मामिला उठबैत जल्दी सँ जल्दी कार्रवाई केर मांग कयलनि। एहि पर नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवी कहलनि जे ई मात्र एकटा हादसा नहि बल्कि कानून व्यवस्थाक नाकामीक उदाहरण अछि। नेता प्रतिपक्ष महिला शिक्षक लोकनिक गृह जिला मे स्थानांतरण केर सेहो मांग कयलनि। परिषद मे महिलाकर्मी लोकनि कैँ सात सय तीस दिनक शिशु देखभाल अवकाश देबाक मामिला उठल। उत्तर दैत

शिक्षामंत्री सुनील कुमार कहलनि जे राज्यक विश्वविद्यालय सभ मे महिला शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मी लोकनि कैँ मातृत्व अवकाश आ शिशु देखभाल अवकाशक मुद्दा पर निर्णय लेबाक लेल उच्च शिक्षा विभागक सचिवक अध्यक्षता मे समितिक गठन कयल जा चुकल अछि। एकर रिपोर्ट पन्द्रह दिन मे प्राप्त भऽ जायत।

---

संसदक दुनू सदनक कार्यवाही स्थगित कऽ देल गेल अछि। बजट सत्रक दोसर चरण नओ मार्च सँ शुरू होयत, जे दू अप्रील धरि चलत। बजट सत्रक पहिल चरण अट्ठाइस जनवरी के राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू केर दुनू सदन मे संयुक्त अभिभाषणक संग शुरू भेल छल।

---

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी नड्डा कहलनि अछि जे देश मे कोडीनयुक्त कफ सिरप केर सेवन सँ किनको मृत्युक कोनहुं घटना सोझाँ नहि आयल अछि। आइ लोकसभा मे प्रश्नकालक दरमियान श्री नड्डा कहलनि जे जखन कोनहुं दवाइ सँ संबंधित मृत्युक मामिला सोझाँ अबैत अछि, सरकार तुरंत जाँचक आदेश दैत अछि। ओ कहलनि जे जँ कोनो दवाइ उपभोग लेल अनुपयुक्त पाओल जायत अछि तऽ ओकरा तुरंत बाजार सँ आपिस मंगा लेल जायत अछि। श्री नड्डा कहलनि जे दवाइ सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल एकटा सुस्थापित नियामक प्रक्रिया लागू अछि, जकर सरकार सख्ती सँ पालन कऽ रहल अछि।

---

आइ विश्व रेडियो दिवस अछि। एहि बरखक विषय अछि– "**रेडियो और कृत्रिम बुद्धिमत्ता, एआई एक उपकरण है, आवाज नहीं।**" एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी लोकनि कैँ शुभकामना देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे रेडियो एकटा एहन माध्यम अछि जे सुदूर गाम सँ लऽकऽ व्यस्त शहर धरि लोक सभ कैँ एकटा विश्वसनीय आवाजक रूप मे सेवा दैत अछि। अपन कार्यक्रम **मन की बात** केर उल्लेख करैत श्री मोदी कहलनि जे एहि कार्यक्रमक माध्यम सँ ओ समाजक शक्ति कैँ उजागर करबा मे रेडियोक क्षमता केर अनुभव कयलनि अछि। सूचना आ प्रसारण मंत्र अश्विनी वैष्णव आओर मंत्रालय मे राज्यमंत्री डॉक्टर एल. मुरूगन एहि अवसर पर लोकसभ कैँ बधाई देलनि अछि।

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो विश्व रेडियो दिवस पर शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

मैथिल समाज, रहिका द्वारा देल जायवला यात्री पुरस्कार दू हजार छब्बीस युवा कवि विकास वत्सनाभ कैं देल जयबाक घोषणा कयल गेल अछि। ई पुरस्कार हुनक पहिल कविता संग्रह "नेपथ्यसँ अबैत हाक" लेल प्रदान कयल जयतनि।

———————————————————————

पूर्णियां आ बक्सर व्यवहार न्यायालय कैं बम सँ उड़यबाक धमकी भेटल अछि। व्यवहार न्यायालय केर आधिकारिक ई–मेल पर ई धमकी देल गेल अछि। एहतियातक तौर पर न्यायालय मे सभ कामकाज रोकि कऽ संपूर्ण परिसर कैं खाली करा देल गेल आ तलाशी अभियान चलाओल गेल। कतहुं सँ कोनो प्रकारक कोनो विस्फोटक नहि भेटल अछि। ध्यातव्य अछि जे पछिला किछु दिन सँ राज्यक विभिन्न न्यायालय सभ कैं बम सँ उड़यबाक धमकी देल जा रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल